

# Rolling Green Elemantè

2023 – 2024

## PLAN REZIME ANGAJMAN POU PARAN AK FANMI

### Angajman paran ak fanmi sou Deklarasyon ak Misyon

Rolling Green Elementary angaje pou travay ansanm avèk anplwaye, paran yo ak moun ki gen enterè nan kominote a pou amelyore anviwònman edikasyonèl nou yo. Fanmi an dwè Konsantre ak enplike yo nan pwosesis pou yo konen koman pou pran desizyon epi ankouraje fanmi yo vin patisipe trè aktif nan edikasyon pitit yo. Rolling Green se yon lekòl enklizif ki gen respè ki valorize anpil kilti nou yo.

### Reyinyon Anyèl Tit I

Chak ane, fanmi yo envite pou yo ale nan reyinyon Anyèl Tit I li gen poul fèt anvan lekòl la ouvri nan kòmansman ane eskolè pou aprann plis sou Pwogram Tit I nou an ak egzijans Tit I. Reyinyon anyèl nou an ap fèt jou 14 septanm nan 5pm

### Aksè pou tout fanmi

Nou ankouraje tout fanmi yo patisipe nan reyinyon ak evènman kap fèt nan Rolling Green. Nou pral bay sipò ki nesèsè pou asire tout fanmi yo kapab patisipe. Nou pral bay dokiman ki tradwi ak moun kap entèprète, nap genyen plizyè lòt reyinyon nap ba nou jou ak lè yo. Tanpri fe ofis lekòl la konnen si nou bezwen lòt asistans. Nou vle pou tout fanmi yo patisipe nan edikasyon pitit yo!

### Aktivite pou Paran ak Fanmi ki angaje yo

Baze sou opinyon sondaj nou te fe pou fanmi yo, nap bay aktivite sa yo pou ede fanmi yo konprann kourikoulòm eta a ak evalyasyon pou ede fanmi yo amelyore siksè akademik pitit yo:

- **Nwit angajman paran**
- **Sware Evalyasyon ap enfòmè fanmi ki jan pou yo genyen pi bon estanda, evalyasyon nivo klas yo, kourikoulòm ak egzijans nivo klas yo ak fason pou ede elèv reyisi.**

### Kominikasyon

baze sou opinion ke ou ba nou, nou pral kominike nan plizyè fason, ki gen ladan nouvo sit wèb nou an ak Twitè; atravè imèl ak apèl telefonik nan men pwofesè, administrasyon lekòl la ak lyezon paran an; nou gen pou nou voye feyè lakay elèv ou a; ak nòt nan ajanda liv elèv ou an. Si ou ta wè ou pa resevwa oken kominikasyon, tanpri fè nou konnen. Objektif nou se pemèt lekòl la gen yon bon kominikasyon antre paran yo ak lekòl la.

### Pataje desizyon

Fanmi yo pral envite nan plizyè reyinyon pandan tout ane a pou yo resevwa enfòmasyon akademik epi bay opinyon yo sou fason lekòl la dwè ye, fanmi ak elèv yo pral pataje responsablite pou siksè elèv yo. Nou espere nou pral jwenn nou nan reyinyon SAC / PTA, ak konferans paran, reyinyon Tit I ak fòmasyon yo.

### Volontè

Nou ankouraje fanmi yo pou sèvi kòm volontè nan lekòl nou an pou ede elèv ak pwofesè yo reyisi. Pou jwenn plis enfòmasyon sou opòtinite pou volontè, tanpri rele koòdonatè volontè lekòl nou an. Nou ta renmen gen ed ou.

### Plan nou yo

Plan sa a te ekri an patenarya avèk fanmi yo ak lòt manm nan kominote lekòl nou an. Nou ap byen kontan akeyi sijesyon ou yo pou amelyore pratik angajman fanmi nou yo. Si ou gen kòmantè, ou ka ekri yo sou liy ki anba yo. Nou ankouraje nou tou pou w ale nan Reyinyon Entèkansyon Paran anyèl la nan sezon otòn ak nan prentan epi ranpli Sondaj Tit I paran ak Angajman fanmi an ke nou voye lakay nou chak ane.

Tanpri siyen anba a pou fè nou konnen ou te li rezime a. Nou ta dwe retounen pòsyon siyen an bay pwofesè pitit ou a.

---

### **Mwen revize plan rekòmasyon lekòl pou paran ak fanmi an.**

Siyati Manm fanmi: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Non Elèv la: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Kòmantè: \_\_\_\_\_